



DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN KABUPATEN NGAWI
SD NEGERI SEKARJATI 1
ULANGAN TENGAN SEMESTER II TAHUN PELAJARAN 2023/2024

TEMA/ MATA PELAJARAN	: Bahasa Jawa	NAMA	:
HARI/TANGGAL	:	KELAS	: V (Lima)
SEKOLAH	:	NIS	:

I. *Wenehana tandha ping (x) sangarepe pretelan kang bener !*

Wacanan kanggo mangsuli no 1-3

Kebun teh Jamus mapan ana ing Kutha Ngawi . Papan iki klebu papan wisata unggulan kang bisa dadi jujugane para wisatawan . Saben wayah preinan mesthi akeh wisatawan sing padha plesiran ing papan kene . Sakliyane hawane adem , papan iki uga nyuguhake sesawangan kang endah nengsemake ati. Nalika para wisatawan mlebu ing papan iki bakal disuguhi wit- witan the kang ijo royo-royo. Ing papan kene uga ana sawijining sumber lanang lan wadon kang banyune bening tur seger. Mula ora mokal menawa papan iki dadi asset wisata kang perlu dilestareake.

- 1. Irah- irahan kang mathuk kanggo teks ing dhuwur yaiku
 - a. Kebun Teh Jamus
 - b. Kebun Teh Ngawi
 - c. Papan Wisata Jamus
 - d. Papan Wisata ngawi
- 2. Papan wisata iku saliyane hawane adem , uga endah sesawangane . Saengga bisa nuwuhake rasa ati kang
 - a. sedih
 - b. seneng
 - c. nelangsa
 - d. murka
- 3. Banyu sig metu saka sumber lanang lan wadon yaiku....
 - a. bening lan seger
 - b. bening lan asin
 - c. buthek lan anget
 - d. buthek lan reget

Paragraf deskripsi ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 4-5

Pinisi yaiku kapal laut tradisional asli Indonesia . Kapal iki asale saka suku Bugis lan Makassar ing Sulawesi Selatan. Miturut sejarah , para pelaut Sulawesi kasil mancik Pulo Madagaskar ing Afrika nggunakake kapal pinisi. Kapal pinisi nglayar kapisan ing abad loro lan papat . Nglayar kaping pindho ing abad sepuluh . Dene, nglayar kaping telu ing abad pitulas (jaman Krajan Sriwijaya) . para pelaut manggon ing Madagaskar lan ngadegake Krajan Merina.

- 4. Pokok kang digagas ing paragraph kasebut yaiku
 - a. jalure nglayar kapal pinisi
 - b. pinisi kapal tradisional Indonesia
 - c. Cara nggawe kapal pinisi
 - d. Papan nggawene kapal pinisi
- 5. Ukara kang mathuk karo paragraf ing dhuwur yaiku*HOST*
 - a. Pinisi yaiku kapal awing-awang tradisional saka Indonesia
 - b. Pinisi wis nggawa para pelaut Indonesia nyumurupi segara lan samodra ing akeh negara
 - c. Asale saka suku Bugis lan Makassar ing Sulawesi Selatan
 - d. Pinisi dadi kapal laut kapisan ing sejarah paprangan Indonesia
- 6. Basa kang digunakake kangg nulis kasusastran kayadene tembang, geguritan, utawa pewayangan yaiku basa
 - a. padinan
 - b. rinenggo
 - c. ilmiah
 - d. Resmi
- 7. Sing Miji timun yaiku
 - a. matane
 - b. untune
 - c. rambute
 - d. drijine
- 8. Cahyane bingar kaya
 - a. rembulan kerahinan
 - b. lintang johar
 - c. Lintang cumlorot
 - d. Wulan purnama
- 9. Sanadyan ora bibiran wis katon abang, lambene....
 - a. nanggal sepisan
 - b. nggula satemlik
 - c. manggis karengat
 - d. tumenga ing tawang
- 10. Sanadyan rada sipit, mripate....
 - a. liyep lindri
 - b. ndamar kanginan
 - c. tumenga ing tawang
 - d. nanggal sapisan

Gajah-Gajah

Gajah, gajah
Kowe dakkandhani jah
Mripate kaya laron
Kupinge ilir gedhe-gedhe
Buntut cilik
Tansah kopat-kapit
Sikil kaya bumbung
Mung lakumu igag-igug

11. Tembang ing dhuwur klebu tembang....
 - a. dolanan
 - b. macapat
 - c. geguritan
 - d. gagrag lawas
12. Panyandra mripat kanggo gajah yaiku....
 - a. mripat kaya laron
 - b. buntut kopat-kapit
 - c. sikil kaya bumbung
 - d. awak kaya lesung
13. Sing tansah kopat-kapit ing perangane gajah yaiku....
 - a. kuping
 - b. siyung
 - c. buntut
 - d. sikil
14. Perangane gajah sing cacahé loro, *kajaba*....
 - a. kuping
 - b. siyung
 - c. sikil
 - d. mripat
15. Sanadyan awake gedhe, gajah bisa gawe guyu amarga... **HOTS**
 - a. awake kaya lesung
 - b. sikile kaya bumbung
 - c. buntute cilik kopat-kapit
 - d. lakune megol-megol
16. Bocah kok besengut bae lambene.....
 - a. gruwung
 - b. kithing
 - c. mecucu
 - d. mlongo
17. Bantala rangka yaiku candrane mangsa....
 - a. kapisan
 - b. kapindho
 - c. katela
 - d. kapapat
18. Kang cukat trengginas yaiku....
 - a. playune
 - b. pikire
 - c. tandange
 - d. polatane
19. Sampun jam gangsal Bapak dereng (teka) saking kantor. Tembung jero kurung kramane....
 - a. rawuh
 - b. dugi
 - c. kondur
 - d. wangsul
20. Kang diandharake ing wacan deskripsi yaiku....
 - a. sawjining panemu
 - b. informasi
 - c. kahanan, papan, lan manungsa
 - d. proses
21. Klebu candraning wong nesu yaiku....
 - a. lakune kaya macan luwe
 - b. pengamuke kaya bantheng ketaton
 - c. talingan sir sinebit
 - d. Lambeyane blarak sempal
22. Sing nyela cendhani yaiku....
 - a. bathuke
 - b. idepe
 - c. lambene
 - d. untune
23. Budhe Marni kondur saking griya sakit. Tembung *kondur* basa ngokone yaiku....
 - a. lunga
 - b. saka
 - c. teka
 - d. mulih
24. Saben esuk Pak Tono lunga menyang sawah. Ukara kasebut yen diowahi dadi basa krama yaiku....
 - a. Saben enjing Pak Tono tindak dhateng sabin
 - b. Saben esuk Pak Tono tindak dhateng sawah
 - c. Saben sonten Pak Tono tindak dhateng sabin
 - d. Saben sonten Pak Tono tindak dhateng sawah
25. Kapisan ditindakake kanggo nulis karangan deskripsi yaiku....
 - a. gawe salam pambuka
 - b. gawe salam panutup
 - c. nemtokake bab kang arep ditulis
 - d. Wawan rembug marang sadhengah pawongan
26. Ora klebu kaprigelan dhasar maca yaiku....
 - a. nguwasani mripat
 - b. nguwasani tembung lan frasa
 - c. nguwasani tembung kunci
 - d. nguwasani tangan
27. Wong tuwa nemu ribet amarga saka polahe anak . Paribasan pratelan iki yaiku....

- | | |
|--|----------------------------|
| a. anak polah bapa keprada | c. ciri wanci lelai ginawa |
| b. ana catur mungkur | d. dadio suket ora suntik |
| 28. Wisatawan kang saka negarane dhewe diarani.... | |
| a. wisatawan bisnis | c. wisatawan domestik |
| b. wisatawan pilihan | d. wisatawan asing |
| 29. Lemah bengkah , yen wong tuwa lagi ngomong... | |
| a. meluo omong | c. meneng wae |
| b. rungokno | d. nyela – nyela |
| 30. Tumindak ala karana kongkonan liya iku paribasane nabok.... | |
| a. nganggo tangan | c. nyilih tangan |
| b. kalawan tangan | d. gunakake tangan |
| 31. Ibu mundhut sayuran ing pasar. Katrangan panggonan ukara iku.... | |
| a. Ibu | c. Sayuran |
| b. Mundhut | d. Ing pasar |
| 32. Warga desa ku padha sayuk... ndadani dalan | |
| a. rukun | c. mlaku |
| b. maju | d. gotong-royong |
| 33. Sakdurunge ana traktor nggarap sawah nganggo kewan | |
| a. jaran | c. wedhus |
| b. babi | d. sapi utawa kebo |
| 34. Kasatriyane Raden Werkudara, yaiku.... | |
| a. Jodhipati | c. Madura |
| b. Ngamarta | d. Ngastina |
| 35. Jenenge sandangan aksara jawa U yaiku.... | |
| a. wulu | c. pepet |
| b. suku | d. taling |

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi wangsulan kang trep!

1. Basa rinengga uga diarani basa
2. Kaprigelan dhasar maca yaiku nguwasani mripat, tembung, frasa, lan
3. Tembung saroja, camboran, entar, panyandra, panyedhu, pepindhan, parikan, lan purwakanthi klebu jinise tembung
4. Kakang adhi beda banget wateke kaya
5. Golek bahan teks deskripsi kanthi cara wawancara marang
6. Unen-unen kanggo nelakake rasa ora seneng babagan awak utawa solah bawa diarani
7. Bageyan isi ing parikan rong gatra manggon ing gatra
8. Idepe mlekung ing dhuwur candrane
9. Lambene nggula satemlik tegese lambene
10. Ing paraga pewayangan sing duweni mata kera yaiku

III. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki !

1. Sebutna carane nulis karangan deskripsi !
.....
.....
.....
2. Apa kang diarani basa rinengga ?
.....
.....
.....
3. Wacanen teks deskripsi ngisor iki kanthi patitis!
Desa Trunyan manggon ing sisih wetan Danau Batur, panggone rada jlimet. Menawa liwat dalan dharat saka Penelokan, Kintamani, mung tekan ing Desa Kedisan. Saka Desa Kedisan menyang Desa Trunyan kudu nyebrang Danau Batur utarane 45 menit nganggo prau motor. Uga bisa nganggo prau dayung nanging suwene rong jam. Hawa ing Desa Trunyan pancen adhem. Suhune kurang luwih 17 derajat Celcius. Tulisana ukara pokok paragraf ing dhuwur ! **HOTS**
.....
.....
.....
4. Sotya murca ing embanan klebu candrane mangsa kapisan.
Apa tegese panyandra mangsa iku ?
.....
.....
.....
5. Ngasah arit nganti landhep
...
Bacutna parikan ing dhuwur !

**KUNCI JAWABAN UTS GENAP BAHASA JAWA KELAS 5
GUGUS 02 KORWIL BIDANG PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
KEC.KARANGANYAR TAHUN 2022**

I. Pilihan Ganda

1. A. Kebun Teh Jamus
2. B. seneng
3. A. bening lan seger
4. B. pinisi kapal tradisional Indonesia
5. B. Pinisi wis nggawa para pelaut Indonesia nyumurupi segara lan samodra ing akeh Negara
6. B. rinengga
7. B. untune
8. B. lintang johar
9. C. manggis karengat
10. A. liyep lindri
11. A. dolanan

Diunduh dari www.mariyadi.com

12. A. mripat kaya laron
13. C. buntut
14. C. sikil
15. D. lakune megol-megol
16. C. mecucu
17. B. kapindho
18. C. tandange
19. A. rawuh
20. C. kahanan, papan lan manungsa
21. C. talingan sir sinebit
22. A. bathuke
23. D. mulih
24. A. Saben enjing Pak Tono tindak dhateng sabin
25. C. nemtokake bab kang arep ditulis
26. D. nguwasani tangan
27. A. anak polah bapa keprada
28. C. wisatawan domestic
29. B. rungokno
30. C. nyilih tangan
31. D. ing pasar
32. A. rukun
33. D. sapi utawa kebo
34. A. Jodhipati
35. B. suku

II. Isian

1. Rumpakan
2. Tembung kunci
3. Rinengga
4. Bumi karo langit
5. Narasumber
6. Panyendhu
7. Kapindho
8. Idepe tumenga ing tawang
9. Cilik utawa mungil
10. Gareng

III. Uraian

1. Langkah-langkah kanggo nyusun teks deskriptif kaya mangkene
 - a. Golek informasi utawa data sawijining objek sing arep digambarake
 - b. Nemtokake identitase objek sing wis dipilih
 - c. Gawe ukara sing gegayutan karo objek
 - d. Nggambarake objek kanthi rinci lan gamblang
2. Basa rinengga yaiku basa endah utawa basa sastra kang endahe amarga direngga-rengga utawa dirumpaka
3. Ukara pokok paragraf iku yaiku *Desa Trunyan manggon ing sisih wetan Danau Batur, panggone rada jlimet*
4. Tegese wit-witan padha brindil
5. Dadi murid kudu sregep

PEDOMAN PENSKORAN

ROOM I setiap betul x 1 total 35

ROOM II setiap betul x 2 total 20

ROOM III setiap betul x 3 total 15